

# KREYE PATNENARYA ANT FANMI YO AK PWOSESÈ YO

Pi bon Pratik pou Fanmi k ap Itilize TalkingPoints

---

Kominikasyon efikas ak pwofesè timoun ou a esansyèl pou sipòte edikasyon yo epi pou favorize yon aviwònman aprantisaj pozitif. Men 5 pi bon pratik, ki vini ak egzanp, pou ede w angaje pi bon fason ak pwofesè pitit ou yo e pou konvèsasyon sa yo ka bati.

## Se pou w pran devan

Kontakte pwofesè pitit ou yo bonè nan ane lekòl la pou w entwodwi tèt ou e pou w etabli yon liy kominikasyon. Fè yo konnen ou vle bay tout ou menm pou w sipòte edikasyon pitit ou a. Pa egzanp, ou ka kòmanse yon mesaj ak: "Bonjou (Non Pwofesè a), Mwen rele (Non Pa w), Paran (Non Elèv). Mwen te vle prezante tèt mwen epi eksprime gwo anvi mwen genyen pou m sipòte (Non Elèv) atravè ane lekòl la."

## Rete Pozitif epi Demontre Respè

Kenbe yon ton pozitif ak respè nan tout kominikasyon ou yo. Yon bon relasyon ak pwofesè yo baze sou respè tou de pati yo ak bon konprann. Pa egzanp, ou ka kòmanse yon mesaj ak "Mèsi pou tout travay di ou fè ak (Non Elèv). Mwen apresye tout bagay ou fè pou w ede l nan aprantisaj li."

## Se pou w klè nan sa w ap di

Lè w gen kesyon oubyen enkyetid, se pou w klè nan ki sa pwoblèm nan ye egzateman. Lè w bay enfòmasyon ak detay sa ede pwofesè yo konprann e atake enkyetid ou yo ak plis efikasite. Pa egzanp, ou ka di: "Mwen remake [Non Elèv] gen difikilte ak devwa matematik yo nan moman sa a. Èske ou ka bay kèk resous anplis oubyen sijere fason nou ka ede l amelyore lakay?"

## Pataje Enfòmasyon ki Enpòtan

Kenbe pwofesè yo enfòme ak gwo chanjman oubyen evènman nan lavi pitit ou a ki ka afekte konpòtman yo nan lekòl la. Enfòmasyon sa ede pwofesè yo bay pi bon sipò. Ou ka kòmanse mesaj la konsa: "Mwen te vle fè w konnen (Non Elèv) gen gwo chanjman ki ap fèt lakay li, e sa ka afekte konsantrasyon l nan klas la. Tanpri voye je sou li epi fè m konnen si w remake oken pwoblèm."

## Fè Suivi

Lè w fin diskite yon pwoblèm oswa enkyetid ak yon pwofesè, fè suivi pou w wè kòman bagay yo ap pwogrese. Sa montre ou angaje e sa ede asire nenpòt aksyon ke n te dakò sou li anplas. Ou ka kòmanse yon mesaj suivi ak: "Bonjou (Non Pwofesè), Mwen te vle tcheke sou pwogrè (Non Elèv) sou pwoblèm nou te diskite semèn pase a. Èske w te remake oken amelyorasyon oswa chanjman?"